

A Mudzi weruchiva.

- ❖ Rusifa akachiva kunamatwa uko chete Musiki anogona kugamuchira. Akatochivawo chigaro chaMwari (Isaya 14:12-14).
- ❖ Gare gare, akanyengera Evha kuti aite chivi chimwe chetecho, uye kuchochora zvakanga zvarambidzwa naMwari: muti wokuziva zvakana nezvakaipa (Genesis 3:6).
- ❖ Aya ndiwo mapindiro akaita ruchiva kuva rupande rwehunhu hwedu hwechitema.

B Miyenzaniso yeruchiva:

❖ Akani.

- Izwi reChiHebhuru *châmad* kana *chemdâh* (kuchiva) harireve chimwe chinhu chakaipa. Rinogona kushandurwa kuti chakanaka, chinoshuwirwa, chinofadza, chinodiwa uye chinochivika.
- Izwi iri rakashandiswa kuzivisa Danieri as “anodikanwa kwažo” (Danieri 9:23) kana Jesu se “Anodikanwa” (Haggai 2:7).
- Dambudziko nderekushuwira chimwe chinhu chisiri chedu, sezvakaita Akani.
- Kuchiva kwaAkani kwakamuparadza, uye kwakakanganisawo mhuri yake yose. Varume makumi matatu nevanhatu vakafa (Joshua 7:5, 10-11, 15, 24-26).

❖ Judhasi.

- Judhasi akachiva chimwe chinhu chakanaka: kuva pedyo naJesu, kuva akafanana Naye, kuparidza mashoko akanaka oruponeso...
- Zvisinei, haana kumbokwanisa kubvisa makaro.
- Makaro ake akaita kuti abe, atengese, uye azviuraye (Johani 12:6; Mateo 26:15; 27:5).
- Judhasi akanga asina kuitirwa magumo anosuwisa akadai. Sesu, angadai akagamuchira simba raJesu iro raizoshandura mwoyo wake. Nyaya yake yaizogona kunge yakasiyana.

❖ Ananiasi naSafira.

- Ananiasi naSafira vakakurudzirwa nomuenzaniso waBhanabhasi (Mabasa 4:36-37), saka vakavimbisa kutengesa munda vopa Mwari mari yacho yose.
- Icho chaiva chinhu chakanaka, asi zvinhu zvose zvakashanduka pavakagamuchira mari. Vakafunga kuti yakanga yakawandisa kuti vape, saka vakasarudza kuchengeta imwe yacho. Vaifunga kuti hapana aizoziva mari yacho chaiyo, saka vaizoramba vachiremekedzwa sezvaitwa Bhanabhasi.
- Chivi chinoputira pfungwa dzedu. Mwari aizoziva mari yavaive vagamuchira. Hapana anogona kubira Mwari ogara asina kurangwa. Kuchiva kwavo ndiko kwakavaparadza.

C Zvatingaita kukurira ruchiva.

❖ Tingaiti kana tikanzwa tichiedzwa nokuchochora kwechivi?

- Yeuka kuti Mwari ane simba rakakwana rokutisunungura mumiedzo (1VaKorinte 10:13)
- Namata kuti Mwari ashandure pfungwa nemanzwiro edu, saka tinenge tisichaedzwi nazvo (Ruka 11:4; 2 Petro 2:9)
- Ita sarudzo yekuvimba naMwari uye kugutsikana nezvose zvaAkatipa (1 Timotio 6:6-8; Zvirevo 30:7-9)
- Rangarira zano rakapiwa naMwari muShoko Rake: “Shoko renyu ndakariuga mumjoyo wanangu, kuti ndirege kukutadzirai.” (Mapisarema 119:11)